

VAKSINASYON POU TOUT MOUN

Vaksen Pfizer Kont COVID-19

- + Dòz pou Granmoun yo
- + Dòz pou timoun ki gen 6 mwa ak plis yo
- + Lòt Dòz Anplis nan Seri Prensipal la pou Moun ki Iminodeprime yo
- + Dòz rapèl yo

Li disponib pou tout moun ki elijib

Avèk COVID-19 la, li pi enpòtan jounen jodia pou w pwoteje tèt ou ak pwòch ou yo pou yo pa tonbe malad.

Vaksen kont COVID-19 yo san danje epi yo bon anpil nan redui ris pou w malad, etène lopital epi menm mouri.

Ou kapab resevwa yon vaksen kont COVID-19 san w pa peye yon goud.

Jwenn plis enfòmasyon sou ki vaksen ki bon pou ou. Eskane kòd QR la oswa rele nan **1-844-NYC-4NYC** (1-844-692-4692)

Jwenn plis
enfòmasyon
sou vaksen kont
COVID-19 yo



Kiyès Ki Dwe Pran Vaksen kont COVID-19?

- + Timoun ki gen 6 mwa pou rive 4 lane yo ka resevwa twa dòz timoun (yon dizyèm fòs) nan vaksen Pfizer-BioNTech la.
- + Moun ki gen 5 lane pou rive 11 lane yo ka pran de dòz pou timoun (yon tyè nan fòs) Pfizer-BioNTech lan.
- + Timoun ak Granmoun ki gen 12 lane ak plis ka pran de dòz nan vaksen Pfizer-BioNTech lan.
- + Moun ki gen 18 lane ak plis yo ka pran de dòz Moderna oswa yon dòz Johnson & Johnson/Janssen
- + Timoun ak granmoun ki gen 5 lane oswa plis ki gen yon sistèm iminitè fèb akòz yon maladi oswa yon tretman ka resevwa yon dòz Pfizer seri prensipal anplis - yo rele l tou yon twazyèm dòz.

Kilès ki Dwe Pran yon Dòz Rapèl vaksen kont COVID-19?

Tout moun ki gen 5 lane oswa plis ta dwe pran yon vaksen rapèl pou pi piti senk mwa apre yo fin resevwa dezyèm dòz seri prensipal vaksen Pfizer oswa Moderna kont COVID-19 la.

Moun ki te resevwa de dòz vaksen Pfizer oswa Moderna yo sipoze eseye resevwa menm kalite vaksen an kòm rapèl, men yo gen posibilite pou yo fè yon lòt chwa nan twa lòt vaksen yo otorize Ozetazini yo.

Moun ki gen ant 5 lane pou rive 17 lane ki te deja resevwa premye seri dòz Pfizer a sa gen plis pase senk mwa kalifye pou pran vaksen rapèl Pfizer a sèlman.

Tout moun ki gen 18 lane oswa plis ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson lan ta dwe pran yon piki rapèl omwen de mwa apre yo fin resevwa dòz prensipal yo. Nan pifò sitiyasyon yo, yo pi pito vaksen rapèl Pfizer oswa Moderna (vaksen mRNA COVID-19 yo).

Moun ki iminodeprime ki te resevwa vaksen J&J antanke premye dòz epi yon vaksen mRNA pou piti 28 jou apre antanke yon dòz anplis sipoze pran yon dòz rapèl pou piti de mwa apre dòz anplis vaksen mRNA a, sa ap bay an total twa dòz.

Lopital ki nan sistèm NYC Health + Hospitals yo bay vaksen Pfizer ak J&J. Sit Sante NYC Health + Hospitals/Gotham Health yo bay vaksen Moderna ak vaksen Pfizer pou timoun 5 lane pou rive 11 lane. Pou w ka jwenn yon lis konplè tout kote y ap bay vaksen yo, ale sou sit entènèt nou an nan: nychealthandhospitals.org.